

Joseph E. Coffey
Avoka Militan
PO Box 440132
Somerville, MA 02144
(617) 803-0013 (selilè)
Cof37@comcast.net

**KOMINIKASYON POU KLIYAN KONFIDANSYÈL AK KLIYAN PRIVILEJYE AK
PWODUI TRAVAY AVOKA A**

10 Jwen 2021

Doktè Brenda Cassellius, Sirentandan
Lekòl Piblik Boston yo
2300 Washington Street
Roxbury, MA 02119

Konsènan: Rapò Ankèt - Mission Hill Pilot K-8 School

Chè Sirentandan Cassellius:

Sou demand ou, mwen te mennen yon ankèt preliminè e konfidansyèl ki santre sou akizasyon ki fè kwè ke Direktè Ayla Gavins ak pèsonèl Mission Hill Pilot K-8 School aji de fason inapwopriye 1) pa rive mennen ankèt ak dokimante ensidan entimidasyon yo, neglije bay yon plan sekirite epi pa refere pwoblèm yo bay Lekòl Piblik Boston yo jan M.G.L c 71 sec37 egzije l ak Sikilè SSS-18 Sirentandan Lekòl Piblik Boston yo sou "Plan Prevansyon Entimidasyon ak Entèvasyon"; 2) pa rive mete an Aplikasyon Plan Akomodasyon Andikap Seksyon 504 [REDACTED]; ak 3) reprezay Direktè Gavins fè kont fanmi [REDACTED] nan antre nan dosye eskolè elèv [REDACTED] de fason enkòrèk e inapwopriye. Akizasyon yo ale pi lwen kote echèk ak lòt konpòtman Direktè Gavins ak kèk manb pèsonèl yo konstitiye yon kondwit endiy pou yon Direktè Lekòl Piblik Boston e yon kondwit endiy pou anplwaye Lekòl Piblik Boston.

- Dirijan Ko- Pwofesè Deralyn McLaughlin

- Dirijan Ko- Pwofesè Jenerra Wiliams
- Direktè Boston Jodie Elgee
- Parapwofesyonèl Katherine Chavez
- Parapwofesyonèl Amina Michel-Lord
- [REDACTED - Student Record Information]
- [REDACTED - Student Record Information]
- Ansyen Direktè Ayla Gavins
- [REDACTED - Investigatory Exemption]
- Mesye Albert Taylor, Direktè Human Capitol
- [REDACTED - Student Record Information], Paran ansyen elèv Mission
- [REDACTED - Student Record Information], Paran ansyen elèv Mission
- [REDACTED - Student Record Information], Paran ansyen elèv Mission
- [REDACTED - Student Record Information], Paran ansyen elèv Mission
- [REDACTED - Student Record Information], Paran ansyen elèv Mission
- [REDACTED - Student Record Information], Paran ansyen elèv Mission
- Ms. Heather Geary, Responsab Konfòmite, Biwo Edikasyon Espesyal BPS
- [REDACTED - Investigatory Exemption]
- [REDACTED - Investigatory Exemption]

Anplis de sa, mwen te analize dokiman ki anba yo:

- Rezime Dosye Pwoblèm pou Ankèt ki date 9 Mas 2021 an.
- Dosye tan ensidan lekòl [REDACTED] soti 2014 rive 2019.
- Lèt Rezilta Ministè Edikasyon Primè ak Segondè ki date 17 Janvyè 2020 an, 4 Fevriye 2020 ak 25 Mas 2020.
- Rezilta Ministè Edikasyon Primè ak Segondè ki date 21 Novanm 2019.
- Aplikasyon pou travay Lekòl Piblik Boston Direktè Ayla Gavins lan ki date 21 Jiyè 2020 an ak CV li.
- Lèt Ankèt Sirentansan Asistan an Sam Depina [REDACTED - Student Record Information] ki date 24 Janvyè 2020 an.
- Lèt anketè [REDACTED - Student Record Information] ki date 16 Mas 2021 an.
- Lèt [REDACTED] te voye bay Mesye Feuntes ki te mande pou lekòl adomisil ki date 11 Me 2018 la.
- Lèt [REDACTED]: amandman dosye elèv la ki date 23 janvyè 2019 la.
- Lèt Responsab Ko-Pwofesè yo Wiliams ak McLaughlin: amandman ki date 15 Novanm 2019 la.
- Imèl Williams yo ki konfime 18 antre ki efase nan dosye lekòl [REDACTED] k date 9 Desanm 2019.
- Imèl [REDACTED] te voye bay S. DePina konsènan kontrent ilegal [REDACTED-personnel information] ki date 25 Oktòb 2019 la.

- Lèt [REDACTED] te voye bay Mesye DePina konsènan ankèt Mesye DePina ki date 6 Fevriye 2020 an.
- Plan Prevansyon Entimidasyon ak Entèvasyon Lekòl Piblik Boston an ki date Novanm 2017 la.
- Sikilè SSS-18 Sirentandan sou "Plan Entèvasyon ak Prevansyon Entimidasyon an".
- MGL c. 71, §37
- Règleman Federal 34 C.F.R. 104 33 (A)
- Mass. Regulation 603 C.M.R. 49,00
- "A Small Urban Public School Keeps Its Course" de Ayla Gavins (BeaconBroadside-Beacon Press 2012
- Rapò lopital Children's Hospital Boston an ki date 6 Avril 2016
- Rapò Doktè Meghan M. Searl ki date 22 Jiyè 2016
- Rapò Doktè Jamie Lee Palaganas ki date 18 Avril 2016
- Imèl Katheen McCarthy te voye bay [REDACTED] ki date 14 Me 2019
- Imèl [REDACTED] te voye bay Madam Williams ki date 12 Avril 2018
- Imèl [REDACTED] te voye bay Albert Taylor ki date 9 Novanm 2018
- Imèl Faith Therrien ki date 7 Me 2019
- Imèl [REDACTED] te voye bay Mesye Fuentes pou mande: lekòl adomisil ki date 11 Me 2018
- Nòt reyinyon IEP inisyal avèk paran yo, Madam Williams ak pèsònèl edikasyon espesyal yo ki date 14 Jwen 2018
- Imèl [REDACTED] te voye bay S DePina ki date 25 Oktòb 2019
- Imèl [REDACTED] te voye bay S DePina ki date 6 Fevriye 2020
- Seri imèl konsènan dosye sante ki date 25 Oktòb 2019.
- Imèl konsènan demand dosye ki date 22 Oktòb 2019.
- Imèl [REDACTED] avèk atachman "Child Find" ki date 20 Mas 2021.
- Imèl [REDACTED] konsènan Meye [REDACTED] parapwofesyonèl ki date 19 Mas 2021 an.
- Imèl [REDACTED] konsènan: rekòmandasyon lopital Children's Hospital ki date 12 Avril 2021 an
- Rapò Direktè Prensipal Jodi Elgee nan Sant Entèvasyon ak Konsèy Boston an ki date 24 Mas 2021
- Imèl Jodi Elgee konènan: menas elèv [REDACTED] sou liy dirèk referans ki date 12 Avril 2021
- Demand [REDACTED] pou aksede a Kopi lèt Dosye Elèv la te voye bay Direktè Gavins ki date 12 Jwen 2019 ak 23 Septanm 2019
- Lèt [REDACTED] konsènan amandman dosye elèv la ki date 24 Mas 2021 an.
- Lèt [REDACTED] konsènan plan 504 ki date 24 Mas 2021 an.
- Lèt [REDACTED] konsènan Reprezay Direktè Gavins la ki date 24 Mas 2021 an.
- Plan Entèvasyon ak Prevansyon Entimidasyon Lekòl Piblik Boston -2020 an

- Seksyon 504 Plan [REDACTED] jan li te kreye nan dat 17/11/18 la
- Seksyon 504 Plan [REDACTED] jan li te kreye nan dat 10/9/19 la
- Lèt Sikològ Lekòl la Alyssa Alvarado ki date 17 Septanm 2019 la
- Direktiv Ministè Sante Piblik "Retounen Lekòl Aprè Chòk" pou
- Lekòl Massachusetts yo 2018
- Repons [REDACTED] te bay nan Rapò Lokal Distri yo konsènan: [REDACTED] PRS
- Fòmilè Rapò Lokal an repons a konsomasyon [REDACTED] pati 2
- Imèl [REDACTED] konsènan: Rezilta Elèv la —Kòmansman Tès IEP ki date 12 Avril 2021
- Imèl [REDACTED] konsènan: antre nan dosye elèv la ki date 30 Avril 2021
- Fòmilè "Rapò Ensidan Mission Hill School PreK-8"
- Rapò Enfimyè Lekòl [REDACTED] klas 1yèm ane ki date 6 Fevriye 2015, 13 ak 27 Avril 2015, 5 Me 2015
- Rapò Enfimyè Lekòl [REDACTED] klas 2yèm ane ki date 2/12/2015, 3/3/16; 15/3/16, 20/4/16, 27/4/16, 28/4/16, 6/5/16, 9/5/16, 10/5/16, 11/5/16, 19/5/16,
- Rapò Enfimyè Lekòl [REDACTED] 3yèm ane 28/9/16, 8/11/16, 26/10/16, 6/11/2016, 10/4/2017, 10/5/2017, 15/5/2017,
- Rapò Enfimyè Lekòl [REDACTED] 4yèm ane 19/9/2017, 15/5/2018, 23/5/2018,
- Rapò Enfimyè Lekòl [REDACTED] klas 5yèm ane 15/11/2018, 12/12/2018, 20/12/2018,
- Rapò ensidan MHS ki date 10/5/17, 15/5/17,
- Rapò ensidan MHS ki date 11/9/18, 20 Desanm 2018, 3 Mas, 19 mas ak 6 Me 2019
- Imèl [REDACTED] ki date 12 Me 2021 konsènan: deklarasyon [REDACTED- student record information]
- Imèl [REDACTED] konsènan: imèl direktè a te voye bay pwofesè [REDACTED- student record information] 2016 ki date 12 Me 2021
- Imèl [REDACTED] konsènan: narasyon ki date 15 Me 2021 an
- Imèl [REDACTED] te voye bay Ayla Gavins konsènan: [REDACTED- student record information]
- Imèl Ayla Gavins te voye bay [REDACTED] konsènan: [REDACTED- student record information] entimidasyon elèv fi ak reyinyon avèk papa [REDACTED] ki date 29 Mas 2016 la.
- Imèl avèk lèt motivasyon ak dokiman Jodi Elgee ki atache yo konsènan revizyon dokiman [REDACTED] 2014-2019 ki date 24 Mas 2021
- Imèl [REDACTED] konsènan: Nepotis Mission School; [REDACTED-personnel information] 9 Me 2021

Avan mwen te pale de fason endividyèl avèk pèsònèl yo, ansyen pèsònèl, paran ak ansyen paran elèv ki nan lekòl Mission Hill School, mwen te fè chak moun m ap poze kesyon yo konnen ke mwen se yon anketè ke Sirentandan Cassellius dezinye. Mwen te eksplike yo ke mwen t ap fè yon ankèt preliminè e konfidansyèl pou distri a konsènan akizasyon ki fè kwè ke direktè a ak pèsònèl yo nan lekòl Mission K-8 Pilot School ta angaje yo nn kondwit inapwopriye

konsènan reponsablite yo pou anpeche entimidasyon, asire yon anviwonman aprantisaj ki kòrèk e sekirize, konsènan echèk yo pou mete anplas Plan Akomodasyon Seksyon 504 la epi konsènan move kondwit reprezay Direktè Gavins lan kont fanmi [REDACTED] nan antre nan dosye elèv [REDACTED] de fason enkòrèk inapwopriye avan transfè [REDACTED] nan [REDACTED-student record information]

Ansyen Sirentandan B.P.S. John McDonough te dezinye m deja an 2015 pou m te mennen ankèt sou akizasyon pèsònèl, ansyen pèsònèl yo, paran lekòl Mission ak ansyen paran Mission konsènan pwofesè ki pa kalifye, pwoblèm ansèyman, vyolasyon edikasyon espesyal, sekirite elèv yo, kontrent fizik inapwopriye, diskriminasyon ak entimidasyon. Nan yon rapò mwen te bay Sirentandan John McDonough, ki date 3 Jwen 2015, mwen te jwenn ke echèk Ayla Gavins yo, inaksyon ak volonte l te kreye move kondwit antanke yon direktè lekòl e egzijè disiplin. Nan dat 18 Dawout 2015, sou demand Madam Karen Glasgow, e Direktè Relasyon Travay, mwen te soumèt yon rapò anplis nan rapò mwen te bay 3 Jwen 2015 lan avèk rezilta anplis sa yo bay Sirentandan Tommy Chang.

A. REZILTA ANKÈT AK DETEKSYON 2021

Daprè entèvyou mwen te fè avèk pèsònèl yo, ansyen pèsònèl lekòl yo, paran ansyen elèv yo, paran nouvo elèv yo, administratè [REDACTED-student record information] ak yon analiz kòrèk dokiman ki site anlè yo, mwen rapòte rezilta ankèt preliminè sa a:

1. Lekòl Missipn Hill K-8 Pilot School (nan dokiman sa a ki gen non "Mission School") twouve l nan distri Jamaica Plain Boston. Li te fonde an 1997. Li bay sèvis edikatif a anviwon 234 elèv soti nan laj 3 lane rive nan 14 lane soti nan kidègadenn rive nan klas uityèm ane. Se yon "lekòl enklizyon" ki gen yon "pwogram kolaboratif". Lekòl Mission School gen katòz pwofesè nan salklas ki genyen douz para-pwofesyonèl k ap ede yo, zèz espesyalis ak lòt pèsònèl. Lekòl Mission School itilize yon sistèm de klas nan yon salklas ki gen yon salklas ki pi ba ak youn ki pi wo reyinni ansanm nan menm salklas ak menm pwofesè.

2. Elèv [REDACTED] te ale nan lekòl Mission School depi premye ane rive nan sizyèm ane soti an 2014 rive an 2019. Nan dat 23 Septanm 2019 nan kòmansman klas sizyèm ane [REDACTED] nan Mission School, [REDACTED] te tranfere nan [REDACTED]. Aktyèlman li se yon elèv [REDACTED] ki pa fè pati Distri a.

3. Madam Ayla Gavins te Direktè lekòl Mission School pandan kenz (15) dènye ane ki pase yo. Li te demisyone antanke direktè 1 Jiyè 2019. Yo te reanplwaye l kòm pwofesè antan pasyèl 23 Septanm 2020 an pou ane lekòl 2020-2021 an nan Mission School.

4. Aktyèlman se Dirijan Ko-Pwofesè Jenerra Williams ak Geralyn McLaughlin k ap jere lekòl Mission School depi 2019. Madam Williams te travay kòm pwofesè klas 1, 2, 3, ak 4yèm ane

avan nan Mission Schhol pandan nèf dènye ane ki pase yo. Madam McLaughlin travay avèk Madam Williams ak Madam Gavins , kòm yon pwofesè kindègadenn nan lekòl Mission School pandan 19 ane ki pase yo.

5. Lwa fondamantal konsènan entimidasyon nan lekòl twouve l nan M.G c. 71 seksyon 37, O ki parèt nan Sikilè SSS-18 Sirentandan sou "Plan Entèvasyon ak Prevansyon Entimidasyon" Sirentandan Lekòl Boston yo". Plan an bay yon vizyon ouvè e enklizif pou rapòte entimidasyon ki vize aksyon imedya pou abòde nenpòt move kondwit "ki ta ka entimidasyon". Rapò a ka fèt aloral oswa alekri. Seksyon III A.1 an egzije nenpòt ki manb pèsònèl pou yo rapòte bay direktè nenpòt kondwit ke "li vin okouran" ki "ta ka entimidasyon". Lè sa a direktè a ap gen obligasyon: 1 - Asire sikirite viktim lan, 2- avize paran yo de fason apwopriye, 3- mennen yon ankèt, 4- detèmine si se entimidasyon oubyen non, 5-antame pwosesis pou anpeche plis entimidasyon, 6- fè pati konsène yo konnen detèminasyon ak mezi ki pran. Plan mande ke Direktè lekòl la ran aksyon, lè genyen kondisyon ki "ka entimidasyon" nan lekòl la, ak lè nenpòt manb pèsònèl yo ak direktè a vin konnen sa.

6. Pwofesè salklas premye ane elèv [REDACTED] pandan ane lekòl 2014-2015 lan te [REDACTED-personnel information] Dirketè a te Ayla Gavins. [REDACTED] te kòmanse [REDACTED] klas premye ane nan mitan ane lekòl la. Nan dat 6 Fevriye 2015 de elèv te pouse [REDACTED] atè epi yo te frape [REDACTED] dèyè tèt li. Anplis de sa, pandan peryòd soti 27 Avril rive 1 Me 2015 lan, yon elèv te frape [REDACTED] nan tèt [REDACTED] epi yon gwoup elèv te tante pwovoke [REDACTED] plizyè fwa pou goumen avèk li nan lakou rekreyasyon lekòl la. Mwen pa t jwenn okenn nan men lekòl la jiska 5 Me aprè yon elèv te pike [REDACTED] bò figi [REDACTED] avèk yon kreyon, ki te egzije entèvasyon enfimye lekòl la. Pwofesè a te rankontre avèk tou de paran elèv la men l pa t pran okenn aksyon kòm disiplin oswa li pa t aji konfòmman avèk pwotokòl sou kesyon entimidasyon. Mwen jwenn ke evenman sa yo reponn avèk eleman ak definisyon legal entimidasyon. Aksyon fizik sa yo ke elèv yo ak gwoup elèv yo fè yo ta dwe vize yon entèvasyon imedya ak yon plan pou anpeche plis ensidan entimidasyon.

7. Pwofesè salklas dezyèm ane [REDACTED] a pou ane lekòl 2015 - 2016 la te [REDACTED-personnel information] ki te pwofesè salklas elèv la pandan mwatye nan ane lekòl sa a. Te gen yon seri ensidan ki te make klas dezyèm ane a kote ke lòt elèv te frape [REDACTED] ak bay [REDACTED] kout pwen ak bay [REDACTED] kout boul baskèt. Nan dat 13 Jwen 2016 [REDACTED] te voye imèl bay Direktè Gavins ak pwofesè salklas la [REDACTED] pou ekspriye enkyetid li konsènan [REDACTED] y ap asele akoz li pa konfòme l a sèks li. Li te idantifye de elèv, [REDACTED- student record information] ki te di [REDACTED] plizyè fwa ke "ou bezwen koupe cheve' epi rele [REDACTED] "Madmwazèl" depi kòmansman ane lekòl la. [REDACTED] te ekspriye enkyetid li nan imèl la ke elèv yo ap fawouche [REDACTED] ak enkyetid li pou mank "sekirite emosyonèl ak sekirite fizik". Nan dat 13 Jwen 2016, yon gwoup

kamarad klas [REDACTED] te atake [REDACTED] fizikman. Nan dat 21 Jwenn 2016 Direktè Gavins te reponn atak la nan yon imèl li te voye bay [REDACTED] ak pwofesè salklas la kote li note yon "bann ensidan", men li jistifye atak yo, li fe defans moun elèv ki te fè atak yo, epi li blame [REDACTED]. Direktè a idantifye ke Sentom andikap [REDACTED] kòm koz vyolans yo. Li ekri nan nòt ke "Elèv yo fè konnen yo fache avèk [REDACTED], [REDACTED] pa tandè yo oswa konprann yo, epi elèv yo reyaji fe fason agresif.... endikasyon lekti sosyal...se yon faktè ki trè enpòtan ki fè lòt elèv ap fè [REDACTED] mal. Li pa t rapòte youn nan endidan yon nan Biwo Boston oswa mennen ankèt sou yo. Nan dat 30 Jwen 2016, fanmi [REDACTED] te asiste a yon reyinyon avèk lòt paran yo konsènan pwoblèm sekirite nan lekòl la ki rive menm jan avèk [REDACTED] yo nan reyinyon an Direktè Gavins te mete plent ak enkyetid paran yo de kote pandan li fè yo konnen ke "kesyon sekirite a ka vle di anpil bagay pou diferan moun". Mwen twouve ke seri atak fizik sa yo, ke direktè a te okouran de yo, ta dwe vize yon ankèt sou entimidasyon ak yon plan sekirite minimòm pou elèv [REDACTED]. Olye de sa, Direktè a te mete tò atak fizik ak vèbal yo sou andikap [REDACTED] la.

8. Nan dat 6 Avril 2016, pandan dezyèm ane [REDACTED] nan Mission School, [REDACTED] te kenbe [REDACTED- student record information] pandan l te nan sal espò lekòl la. detèminasyon si [REDACTED] te tonbe oswa yon lòt elèv te pouse [REDACTED]. Paran an [REDACTED] yo te reyini avèk Direktè Gavins e mande yon plan sekirite pou evite plis [REDACTED- student record information] jan doktè nan Children's Hospital pwopoze li a. Direktè Gavins te fi pran elèv la ke l ap bay yon èd 1 a 1 sa ke li pat bay. Malgre ke li te okouran pa rapò avèk yon imèl li te resevwa nan dat 7 Avril 2016 ke akòz blesi nan tèt la, [REDACTED] pa t ka fè anyen fizik ankò ke mache alantou a eke yo pa ta dwe "frape" [REDACTED], direktè te neglije dezinye yon sipèvizè sekirite oswa kreye yon plan sekirite. Malgre dyagnostik [REDACTED], [REDACTED] te resevwa frapman nan tèt [REDACTED] panda sis okazyon diferan nan men elèv yo pandan sis semèn aprè dyagnostik [REDACTED- student record information] te fèt. Lekòl la pa t dokimante oswa mennen ankèt sou ensidan sa yo konsènan plizyè atak fizil ki te fèt sou [REDACTED]. Direktè Gavins sa okenn eksplikasyon te mete tò a sou andikap [REDACTED] yo kòm koz ki fèt lòt elèv atake [REDACTED]. Direktè Gavins lonje dwèt sou [REDACTED] ki gen dfikilte pou l kontwole tèt li epi ki pa rive li endikasyon sosyal yo" kòm koz vyolans kont [REDACTED]. Mwen twouve ke an reponse a kondwit agresif kont elèv [REDACTED] e konnen efè ki rete sou [REDACTED] ak enkyetid ke paran yo ekspriime, Direktè Gavins te dwe pran mezi debaz ki ka rezoud pwoblèm lan pou Pwoteje [REDACTED]. Li te dwe kòmanse pwosesis pou sekirize [REDACTED- student record information] jan founisè Children's Hospital la rekòmande l; li te dwe fè yon reyinyon evalyasyon ekip IEP; epi li te dwe elabore yon plan prevansyon kont entimidasyon imedyatman pou reponn a entimidasyon yo. Li trè enpòtan pou ke te gen yon evalyasyon IEP ki te fèt an 2018 pou ki te dyagnostike [REDACTED- student record information] epi rekòmande yon Plan Edikasyon Endividyèl. Anplis de yon plan akomodasyon andikap seksyon 504 pou

[REDACTED] te kreye nan dat 17 Novanm 2018, plis ke dezan edmi aprè rekòmandasyon lopital Children's Hospital la.

9. Pwofesè klas twazyèm ane elèv [REDACTED] pandan ane lekòl 2016-2017 la te [REDACTED-personnel information] ki te pwofesè klas premye ane [REDACTED] tou. Pandan ane sa a, te gen sèt ensidan entimidasyon espesifik lòt elèv ak rale cheve [REDACTED] bay kout pwèn, pouse, frape ak fapre nen [REDACTED]. ak frape tèt [REDACTED]. Pandan yon ensidan nan dat 15 Me 2017, elèv la [REDACTED- student record information] te gresif anvè [REDACTED] avan, kout pwèn ak frape [REDACTED] te koz [REDACTED] frape tèt [REDACTED] sou bawo eskalye yo. Nan dat 16 Me 2017, [REDACTED] te voye yon imèl bay [REDACTED] ak Direktè Gavins sou ensidan ki te rive nan jou avan an. Li te eksprime enkyetid li konsènan istwa vyolans ke elèv [REDACTED] anvè [REDACTED] epi eseye raple yo sou andikap [REDACTED] ki soti nan [REDACTED- student record information] te eksprime plis enkyetid ke te gen yon "gwoup operasyon dinamik entimidasyon" kont [REDACTED]. Mwen twouve ke rapò imèl [REDACTED] te dwe vize yon ankèt sou si te gen yon fòm entimidasyon sou [REDACTED] epi vize yon plan sekirite pwovizwa konfòmman avèk lwa leta ak règleman BPS. Mwen pa jwenn okenn pwèb ke Direktè Gavins oswa yon moun lekòl la te mennen ankèt sou ensidan entimidasyon yo. Anplis de sa mwen jwenn ke li pa t refere youn nan ensidan sa yo nan "Succeed Boston" malgre atak fizik ak plizyè entimidasyon ke men elèv yo ak gwoup elèv yo fè sou elèv [REDACTED].

10. Pwofesè katriyèm ane [REDACTED] a pandan ane lekòl 2017-2018 la ankò te [REDACTED-personnel information] mwen jwenn ke entimidasyon yo kontinye san mennen ankèt, disipline elèv yo, oswa kote lekòl la rapòte l jan lalwa leta ak règleman BPS yo egzije l. Mwen jwenn ke entimidasyon yo te agresif elèv yo te pouse, kalote, bay kou pwèn, choute, fawouche ak takinen [REDACTED] sou soule, rad ak cheve long [REDACTED]. Nan dat 1 Novanm 2017, [REDACTED] te voye yon imèl bay Pwofesè [REDACTED] ke de elèv, [REDACTED- student record information] t ap "asele" [REDACTED] pandan tout ane a men [REDACTED] li ezite pou l di pwofesè [REDACTED] paske [REDACTED] pa t kwè pwofesè a t ap kwè [REDACTED]. Menm jan an, nan dat 12 Mas 2018, [REDACTED] te imèl Pwofesè [REDACTED] sou enkyetid li kote "yon elèv te tann deyò a bò kote klowòs yo ye a pou l frape [REDACTED] yo te pouse [REDACTED] nan eskalye a poutèt li te mete yon chapo Yankees. Li te eksprime enkyetid li tou sou "pi gwo dinamik" ak yon gwoup ki te eseye izole ak majinalize [REDACTED] nan di timoun ki chita avèk [REDACTED] ke yo sou "yon move tab".

Nan dat 11 Me 2018 [REDACTED] te imèl Mesye Fuentes pou l bay detay sou yon ensidan ki te pase nan dat 11 Me 2018 kote te frape [REDACTED] nan tèt. Li te eksprime enkyetid li sou lekòl la ki pa t kenbe [REDACTED] an sekirite epi te mande lekòl adomisil pou [REDACTED] pandan rès ane lekòl katriyèm ane a. Ensidan ak rapò sa yo ke paran yo fè te dwe fè direktè a deklanche pwotokòl entimidasyon an epi mennen yon ankèt ak yon plan sekirite pwovizwa.

Mwen jwenn ke echèk Direktè Gavins lan ak lòt pèsonèl lekòl pou yo konfòme yo avèk règleman debaz Sikilè SSS-18 Sirentandan an ak MGL c. 71, §37 ak echèk yo fè nan pa rive disipline nenpòt elèv ki enplike nan entimidasyon yo pa sèlman yon vyolasyon devwa yo men li fè menm elèv sa yo kontinye avèk entimidasyon yo.

11. Pwofesè klas senkyèm ane [REDACTED] pandan ane lekòl 2018-2019 la te [REDACTED personnel information]. Mwen jwenn ke ane klas senkyèm ane [REDACTED] te sitou difisil akòz ogmantasyon entimidasyon fizik lòt elèv yo. Pandan kòmansman ane lekòl la, elèv [REDACTED- student record information] yo te kwense [REDACTED] nan mi twalèt la epi frape [REDACTED]. [REDACTED] te imèl Pwofesè [REDACTED] ak Direktè Gavins pou rann kont sou ensidan an. Li te voye imèl bay Sirentandan Operasyonèl la Al Taylor tou pou bay detay sou "entimidasyon toutan e kontinyèl yo". [REDACTED] te di paran [REDACTED] ke elèv [REDACTED] ak lòt elèv frape kò oswa pouse [REDACTED] prèske chak jou. Nan yon imèl yo te voye bay Direktè Gavins ak Pwofesè [REDACTED] ki date 28 Fevriye 2019, [REDACTED] rapòte ke [REDACTED] di l ke swa [REDACTED] oswa [REDACTED] ansanm modi [REDACTED] oswa menase [REDACTED] youn a de fwa nan yon jou. Jodi a se te twa epi [REDACTED] te santi yo vle bat [REDACTED] pandan tout jounen an." Lè manman [REDACTED] te mande poukisa [REDACTED] pa t pale pwofesè a de ensidan yo, [REDACTED] te reponn: ke [REDACTED] di yon pwofesè sa de fwa nan yon semèn. [REDACTED] di nenpòt moun ki prè l. Pafwa se yon moun nan biwo a." [REDACTED] fè konnen tou ke "pwofesè a fatige avèk mwen lè mwen di l sa paske sa rive tout tan". Nan dat 29 Mas 2019 [REDACTED] te mande [REDACTED] aprè yon seri blam yon parapwofesyonèl nan lekòl la, raple pèsonèl li yo sou istwa entimidasyon [REDACTED] pou evite lòt pèsonèl blame l lòt fwa. [REDACTED] te reponn, li difisil pou mwen pale avèk lòt pèsonèl paske yo wè [REDACTED] kòm yon timoun blan avèk social capitol". Mwen jwenn ke entimidasyon yo te kontinye toutan pandan ane lekòl la. Mwen jwenn ke elèv klas 6yèm ane yo menase pou 'f you up" avèk bouch li epi yon lòt elèv te menase pou l pote yon zam nan lekòl lae touye elèv [REDACTED] nan yon Reyinyon Promotion Plus ki te fèt nan dat 15 Me 2019 la, paran te rankontre avèk Direktè Gavins, Pwofesè [REDACTED] Pwofesè Dirijan an Williams ak Pwofesè Dirijan an McLaughlin pou diskite sou pwèn fò [REDACTED] ak domèn enkyetid. Gwoup la te rekonèt enkyetid sekirite fizik ak emosyonèl ak istwa viktim entimidasyon [REDACTED] ak twomatiz [REDACTED] kòm yon "enkyetid prensipal". Mwen jwenn ke malgre yo te konnen entimidasyon yo, ni Direktè Gavins ni Pwofesè [REDACTED] pa t pran okenn mezi ki ka rezoud sa pou amelyore asèlman ak entimidasyon ki k ap fèt alavni malgre istwa atak fizik yo ak konpòtman agresif anvè [REDACTED] te dokimante.

12. Pwofesè klas sizyèm ane [REDACTED] a pandan ane lekòl 2019— 2020 an te [REDACTED Personnel information]. Entimidasyon yo te kontinye. Yon gwoup elèv, byen bonè nan kòmansman ane lekòl la, te menase pou yo "malmennen" [REDACTED]. Yon elèv te eseye

kòmanse yon batay avèk [REDACTED] chak jou pandan tan poz [REDACTED] nan klas sizyèm ane nan Mission Hill School. Paran yo te transfere elèv [REDACTED] nan [REDACTED] nan dat 23 Septanm 2019 la.

13. Mwen jwenn pwèb ke Direktè Gavins pa t mennen ankèt de fason apwopriye, entèvni oswa rapòte sa nan Succeed Boston pou rann kont entimidasyon kontinyèl elèv [REDACTED] ak lòt elèv pandan plizyè ane nan Mission Hill School. Paran yon ansyen elèv rapòte ke pitit li a ki gen yon [REDACTED- student record information] se te sibi asèlman, fawouch entimidasyon kamarad klas ak lòt elèv pandan K-1 rive nan 2yèm ane soti 2011-2015. Li dekri elèv la kòm yon "timoun ki gen kè kontan" ki vin tonbe nan depresyon nan lekòl la akòz fawouch ak asèlman kamarad klas [REDACTED] ak lòt elèv nan lekòl la. Okòmansman li te nan bouch; ou se yon ti gason oswa yon ti fi?" "Ou se masisi", "poukisa ou mete kitèks nan zong ou yo?" Nan klas dezyèm elèv gason te pouse timoun nan rekreyasyon ak pencheng li ak frape l chak jou pandan li kanpe nan liy Pou aktivite. [REDACTED] pè ale nan twalèt la paske elèv yo te voye fatra sou [REDACTED].

Li te vit retire pitit li a nan lekòl la nan mitan klas dezyèm ane lè pwofesè [REDACTED] ak enfimyè lekòl la te di l ke pitit li a pa t an sekirite pou l retire [REDACTED] nan lekòl la. Panran te konsilte [REDACTED-student record information]. Avan sa li te pale nan lekòl Mission Hill School la sou pwogram li an. Lè yo te di l ke pitit yo a te nan lekòl Mission Hill School, repons li te: "Se pi move eksperyans lekòl mwen te ka fè." Paran yo te retire pitit yo a nan lekòl Mission School avan vakans Fevriye a epi fè lekòl adomisil pou timoun lan pandan rès ane a.

14. Pandan entèvyou avèk paran elèv [REDACTED], li fè konnen avèk tout kreblite ke Direktè Gavins te eseye blame pwofesè salklas la poutèt li pa t sispann atak fizik ak fawouch san rete yo. Paran an ak pwofesè klas dezyèm ane a te eseye eksplike direktè a ke entimidasyon an te konstan e pèsistan, li rive nan twalèt yo, nan lokal rekreyasyon an, ak nenpòt lè elèv la kanpe nan liy deyò salklas la. Yo te ekspriye enkyetid yo toude genyen pou sekirite timoun lan epi yo te di l ke abi vèbal ak asèlman yo vire nan entimidasyon fizik. Madam Gavins te reponn "nou pa itilize mo 'entimidasyon' an isit la." Mwen jwenn ke Direktè Gavins pa t rive pwoteje timoun sa a menmjan li pa t rive pwoteje lòt timoun nan lekòl la. Responsablite pou ankèt ak repons rapò konsènan entimidasyon ke pèsònèl yo oswa paran an yo konfòm avèk direktè lekòl la. "Plan Entèvansyon ak Prevansyon Entimidasyon" BPS la dezinye direktè lekòl la kòm moun esansyèl pou ki abòde entimidasyon an. Si li fèt toutan, se responsablite direktè a pou l "pran mezi" de fason rezonab pou anpeche konpòtman entimidasyon, anpeche l re rive, epi asire l ke viktim lan pa sibi kontrent oswa limite nan patisipe nan lekòl la oswa benefisye pwogram ak aktivite lekòl la." Olye de kreye yon plan sekirite pou asire l ke lokal kote tout elèv ap frekante nan lekòl la ak twalèt elèv yo kontwole, Direktè Gavins te kite sekirite elèv yo sou kont pwofesè salklas la san okenn soutyen.

Entèvyou m avèk paran sa a ak lòt paran ansyen elèv yo konfime rezilta ankèt mwen an ke eksperyans entimidasyon ke [REDACTED] te fè eke paran [REDACTED] yo rapòte te yon ka oswa ensidan izole men olye de sa rive anpil nan lekòl Mission Hill School, ki refleto yon kilti pèsistan e entegral endiferans kote takinri, fawouch, asèlman, abi, entimidasyon ak menas elèv fè sou kamarad klas ak lòt elèv te pèmisi, rive souvan eke direktè a ak kèk nan manb pèsònèl yo pa t abòde.

15. Yon lòt paran rapòte ke [REDACTED] te ale nan Mission School nan klas k-1yèm ane soti 2013 rive 2016. Pandan twa ane li yo nan Missipn, yon gwoup sèt elèv tigason ki gen uitan te kòmanse ap vèbalman takinen ak modi [REDACTED] li a. Fawouch la vin rive nan touche, eseye bo, ak mande [REDACTED student record information]. Menm kat ti gason sa yo te kòmanse pouse ak bay [REDACTED] li a kout pwen lè [REDACTED] pa kite yo touche [REDACTED]. Pifò nan atak yo te pase nan zòn kote yo mete afè yo nan lekòl la, nan rekreyasyon nan twalèt la ak pandan aprè pwogram lekòl la. Pandan yon okazyon, enfimyè lekòl la te rele paran an pou l vin lekòl paske [REDACTED] li a te vomi aprè youn nan ti gason sa yo te ba l yon kout pwen nan lestomak ki pase twa lane ap fè kang avèk [REDACTED]. Paran an fè konnen ke direktè a te konnen ensidan sa yo men li pa t fè anyen malgre entimidasyon fizik yo te ogmante ak plizyè demand paran an pou pwoteksyon kont menm gwoup elèv yo... Aprè ensidan kout pwen an, paran an te mande èd pou pwoteje [REDACTED] kont menm kat elèv ke li te idantifye ki t ap entimide pitit li a defason vèbal e fizik la depi [REDACTED] e kòmanse nan lekòl la. Paran an sonje sèl repons ke Direktè Gavins te bay a gwoup entimidasyon an se "petèt nou ka kòmanse yon klèb amitye". Paran te santi ke "kilti lekòl la pèmèt sèten timoun jis takinen lòt timoun san rann yo responsab" Paran an rapòte ke li pa t disiplin menm youn nan elèv yo. Mwen jwenn ke Direktè Gavins pa t rive pwoteje timoun sa a kont takinri, fawouch ak manyen l de fason inapwopriye okòmansman. Mwen jwenn ke inaksyon ak echèk direktè a pou pran mezi ki ka rezoud sa pou sispann agresyon ak entimidasyon pou pwoteje elèv klas 1ye ane yo pèmèt entimidasyon vèbal la vin rive nan pouse ak kout mwen pa menm gwoup elèv yo. Anplis de sa, mwen jwenn ke direktè a pa t mennen okenn envestigasyon sou rapò serye e kredib sou entimidasyon ke paran an fèt dirèkteman an li.

16. Mwen jwenn ke pandan dènye ane [REDACTED] nan Mission School la, ekip reyinyon detèminasyon IEP [REDACTED] te jwenn [REDACTED] kalifye pou yon IEP ak [REDACTED student record information]. BPS te ofri pou yo plase [REDACTED] nan lekòl prive andeyò distri a.

17. Sikilè SSS-18 Sirentandan sou "Plan Entèvasyon ak Prevansyon Entimidasyon an" di ke direktè jwe yon "wòl enpòtan" epi li gen yon responsablite prensipal pou l pwoteje elèv yo kont entimidasyon.

18. "Succeed Boston" se plan prevansyon kont entimidasyon ki te devlope konfòmeman avèk MGL c. 71, §370 eke Ministè Edikasyon Primè ak Segondè apwouve. Definisyon entimidasyon an " se lè yon elèv oswa plis plede itilize yon eskpresyon vèbal, jès oswa aksyon fizik ki fè mal fizik oswa emosyonèl a yon elèv epi mete yon elèv nan pè, kreye yon anviwonman ostil nan lekòl la pou elèv yo, vyole dwa elèv ak fizikman e konplètman deranje pwosesis edikasyon fonksyonman lekòl la chak jou. Direktè lekòl la gen obligasyon pou an fonksyon de yon rapò entimidasyon pou l pran mezi pou l aksede a bezwen pou l restore yon sans sekirite pou elèv a e pwoteje elèv la kont plis ensidan posib. Sou demand mwen, Madam Jodi Elgee, Direktè Succeed Boston te analize dokiman alegasyon entimidasyon [REDACTED] ki fè sou [REDACTED] soti 2014 rive 2019. Aprè analiz li te fè sou akizasyon [REDACTED] soti 2014 rive 2019, Madam Elgee te kreye yon dokiman separe sou endidan yo, ki "si yo rive jan yo dekri a. reponn avèk kritè entimidasyon epi si yo te dwe rapòte yo nan Lekòl Piblik Boston ak si yo te reponn a Egzijans Ankèt ki dekri nan Sikilè SSS-18 Sirentandan an." Li te jwenn 52 ensidan konpòtman gresif yon gwoup elèv te fè sou elèv [REDACTED] ki te dwe mennen direktè a deklanche yon investigasyon. Li te site 4 ensidan konpòtman agresif ki te reponn avèk estanda "ta ka entimidasyon" nan 1yèm ane [REDACTED]; 13 nan 2yèm ane; 9 nan 3yèm ane; 9 nan 4yèm ane; 12 nan 5yèm ane; ak 5 nan 6yèm ane. Madam Elgee note ankò ke "Mission Hill School pa t depoze okenn rapò oswa mennen okenn ankèt nan biwo nou an konsènan akizasyon 2014-2019 yo". Mwen jwenn ke paran yo te rapòte ensidan sa yo bay pwofesè salklas yo ak direktè a yon fwa ke yo te okouran de kondwit agresif yo. Mwen jwenn ke Direktè Gavins pa t mennen ankèt sou ensidan yo oswa reponn rapò paran yo sou ensidan yo.

19. MGL c. 71B, §3 bay pati pètinan lè yon ekip IEP te detèmine ke yon elèv gen yon andikap, ekip la pral "konsidere kisa yo dwe antre nan IEP... "pou reponn a entimidasyon, asèlman oswa takinri". Mwen jwenn ke Direktè Gavins pa t mete anplas pwosesis evalyasyon IEP a oswa yon reyinyon kalifikasyon Plan Seksyon 504 konsènan elèv [REDACTED] jiska 2018 malgre plizyè te demand ke paran yo te fè.

20. Mwen jwen ke elèv [REDACTED] se [REDACTED Student Record Information] pandan katran edimi [REDACTED] nan Mission School [REDACTED] te viktim plizyè atak, konpòtman menasan ak kondwit enjirye elèv ak gwoup elèv epi yo te konn pouse [REDACTED], kout pwen, frape ak frape kò [REDACTED] ki koze blezi fizik ki dokimante nan dosye enfimyè lekòl la. Anplis de sa elèv yo prèske chak jou te abize [REDACTED] fizikman, plede fawouche ak asele [REDACTED]. Mwen jwenn ke malgre genyen blesi ki dokimante nan dosye enfimyè lekòl la ke mwen jwenn ki ka atribiye a atak entimidasyon, anpil lòt ke pèsonèl yo pa t rapòte oswa dokimante oswa rapòte bay paran yo oswa Direktè Gavins pa t mennen okenn ankèt sou yo. Mwen jwenn ke Direktè Gavins ak lòt pèsonèl yo te okouran de pil entimidasyon elèv [REDACTED] depi klas premye ane ak dezyèm ane rive nan yon mwa nan sizyèm ane anvan [REDACTED] te transfere soti nan Mission School ale nan [REDACTED] nan dat 23 Septanm 2019 la.

21. Mwen jwenn ke echèk pou konfòme avèk lwa ak pwotokòl BPS yo anrasinen nan kilti endiferans lekòl la pa rapò règleman ak regilasyon ke Lekòl Piblik Boston yo ak Ministè Edikasyon Primè ak Segondè etabli. Vizyon Direktè Gavins ki reflekte nan ajanda Mission School, anpati, lyeman pou rezoud tou pwoblèm lekòl la oswa pwoblèm entèn yo e konsa evite oswa minize entèraksyon avèk "biwo santral". Dènyeman nan yon "fòmasyon ak entèvansyon ak prevansyon kont entimidasyon" nan Mission School kèk nan pèsònèl te ekprime enkyetid yo konsènan domikante konpòtman agresif. Yo te fè konnen ke rapò disiplin ak rapò sou entimidasyon te yon "chemen ki ka mennen a prizon" pou kèk elèv. Pèspektiv ak atitud ni Direktè Gavins ak manb pèsònèl Mission ka eksplike ezitasyon pèsònèl yo pou konsilte Succeed Boston konsènan entimidasyon elèv [REDACTED] oswa lòt elèv. Sa se yon esktrè nan yon atik sou entènèt ke Direktè Gavins ekri nan "Beacon Broadside" (Preojè Laprès Beacon) lan di: "Premye ane mwen kòm direktè se te premye ane tou yo te voye elèv nan Mission Hill avèk yon dezinyasyon espesyal "konplètman separe". Separe elèv de kamarad yo ak dispoze yon salklas pou elèv ki gen bonjan bezwen espesyal pa t sou menm liy avèk kwayans lekòl nou an konsènan edikasyon. Mwen men ak de pwofesè te reyini avèk chèf depatman bezwen espesyal la sou chanjman konpozisyon gwoup konplètman separe pou ke tout timoun nou yo te ka gwoupe ansanm nan salklas enklizif. Yo te di nou sa pa ka fèt, eke se ilegal. Ebyen, nou te fè l kanmenm. Fè sa vle di ke mwen pa t ka onèt konsènan fòmasyon salklas nou yo oswa kantite elèv ki nan salklas yo. Sa te difisil anpil lè moun Depatman Edikasyon Espesyal yo vin vizite. Mwen te santi m soulaje lè m te tande yo remoke machin yon manb pèsònèl Depatman Edikasyon Espesyal ki konn vizite e li pa t tounen ankò. Mwen pa t gen okenn pwoblèm pou dòmi nan nwit, lè m konnen ke elèv, yon fwa ke yo te idantifye ki pa bon pou lekòl la, kounye a nan bon andwa pou aprantisaj ak yo fè pati kominote a. Pou sa mwen kenbe biwo santral lwen." Mwen jwenn ave piblik Madam Gavins lan kòm yon twonpri delibere e yon mepri pou manda legal ak regilasyon yo twoublan. Anplis de sa, mwen jwenn li pran yon pozisyon an piblik pou l vante tèt li pou mepri li bay "biwo santral" ki te twoublan tou.

22. Patikilyèman mwen jwenn kourye [REDACTED] pètinan ki date 13 Jwen 2016 kote li ekri direktè a "Mwen t ap pale avèk [REDACTED] pandan wikenn lan sou yon restriksyon "ou dwe koupe cheve w" ke [REDACTED] kontinye ap chante. Nan pale avèk [REDACTED] sou [REDACTED] sa a fè [REDACTED student information] asele [REDACTED] plizyè fwa sou cheve [REDACTED] ak yo souvan rele [REDACTED] "Madmwazèl" ak di [REDACTED], [REDACTED] bezwen koupe cheve [REDACTED]. Mwen panse sa te kontinye konsa pandan lontan men li pa t vrèman sispanm. Mwen te pale avèk [REDACTED] tou pou m te ka valide sa. Mwen konnen ke sa fè pati yon ansanm ki pi vas avèk [REDACTED] ak [REDACTED]. men mwen enkyete tou ke [REDACTED] sanble yon sib espesyal ki lakoz mwen enkyete pou mank sekirite emosyonèl ak sekirite fizik [REDACTED] kòm yon rezilta."

23. Mwen jwenn ke malgre paran voye plizyè imèl, rele ak reyinyon eksprime perèz yo pou sekirite [REDACTED], Direktè Gavins minimize enkyetid lejitim e vrè paran yo pou [REDACTED] yo mwen jwenn ke direktè a pa t mete yon plan sekirite anplas malgre l te konnen [EFASE - enfòmasyon dosye elèv la] nan dezyèm ane ak yon bann atak kontinyèl k ap fèt sou elèv [REDACTED] ak sis ensidn kote lòt elèv te frape [REDACTED] nan tèt e pran [REDACTED] mennen bay enfimyè a pandan peryòd sis semèn aprè [REDACTED] li te neglije bay yon èd sekirite pou [REDACTED] jan l te pwomèt la. Olye de sa li inyore rekòmasyon lopital Children's Hospital yo epi kite [REDACTED] debouye [REDACTED] jwenn li se yon pwoblèm eke Direktè Gavins nan yon reyinyon paran konsènan pwoblèm sekirite nan lekòl la fè paran yo konnen ke "sekirite ka vle di yon bann bagay pou diferan moun."

24. Nan kad ankèt mwen an sou Mission ak Direktè Gavins, nan dat 17 Mas 2021 an mwen te voye imèl ki anba yo bay Madam Ayla Gavins: Bonjou Madam Gavins, yo mande m pou mennen ankèt sou akizasyon ke w pa t abòde entimidasyon ak mete anplas akomodasyon andikap konsènan [REDACTED] ki te yon elèv nan lekòl la soti 2014 rive 2019 pandan ke w te Direktè. Mwen t ap renmen fè entèvyou avèk ou lè k ap bon pou ou san m pa deranje orè ansèyman w lekòl la. Ou gen dwa pou fè sendika w la rejwenn nou Kòdyalman Joseph Coffey". Madam Gavins te voye imèn an repons sou EE ak/oswa reprezantan legal rejwenn ou. Tanpri rele m nan [REDACTED personal contact information] 18 Mas 2021: "Bonjou Mesye Coffey, mwen ka rele demen (Vandredi) maten. Kòdyalman, Ayla." Madam Gavins te rele sou telefòn selilè m a 9 nan maten nou te pale pandan prèske inèdtan. Li pa t rejwenn ni mande pou l rejwenn reprezantan sendika li a oswa konsèy legali li a pandan apèl telefòn lan. Aprè inèdtan entèvyou a, Madam Gavins te mande pou l kontinye rès entèvyou a yon lòt lè akòz li gen obligasyon pou l ale nan yon reyinyon. Nou te antann nou pou ke l rele m a 12 pm pou n fini entèvyou a. Ankò mwen te fè l konnen ke li ka rejwenn reprezantan sendika li a ak reprezantan legal li a pandan apèl la si l vle. Li te mande m si l ka anrejistre konvèzasyon an. Mwen te di l ke anrejistre entèvyou k ap fèt sou telefòn pa apwopriye. Mwen te ofri l pou m rankontre l nan Mission School oswa nan etablisman Bolling lan. li te refize rankont lan. . A 12 pm, Madam Gavins te rele sou telefòn selilè mwen epi nou te reprann entèvyou a. Nou te pale pandan anviwon inèdtan. Repons Madam Gavins te bay pou plizyè kesyon te: "Mwen pa sonje". Nan konklizyon entèvyou a mwen te enfòm Madam Gavins ke li ka soumèt yon deklarasyon alekri an fonksyon de akizasyon yo ak kesyon m yo ke m ap mete nan rapò m ap bay sirentandan an epi m ap mete kòm referans nan rezilta ankèt mwen an.

25. Pandan entèvyou mwen avèk Madam Gavins nan dat 19 Mas 2021 an, li te deklare ke premye fwa li te vin okouran de akizasyon entimidasyon yo se te lè [REDACTED] te nan klas senkyèm ane a (SY 2018-2019) nan Mission School. Li te afime ke konpòtman elèv yo nan [REDACTED] "pa te entimidasyon" men "zak reprezay" pa lòt elèv yo kòm repons ak [REDACTED] aksyon yo. Li te afime ke "lòt elèv yo pa te ka sipòte ankò". Li te deklare ke li pa konnen menas yon elèv [REDACTED] pou pote yon zam nan lekòl la epi touye [REDACTED] oswa ansyen menas [REDACTED] pou touye yon elèv fi ki te kite lekòl la depi lè sa a. Repons li se te '[REDACTED] souvan te fè kòmantè tankou sa men n ap travay avèk paran [REDACTED] yo.

26. Mwen twouve retisans Madam Gavin pou kalifye tout konpòtman agresif, repetitif, konpòtman entimidasyon tankou "entimidasyon" malonèt. Nan dat 29 Mas 2016 la, Direktè Gavins te voye yon imèl bay Pwofesè Mission School yo konsènan rapò entimidasyon konpetitif elèv [REDACTED] sou de elèv fi nan klas 4 yèm lane a, youn nan se te gran sè [REDACTED], [REDACTED]. Imèl la te mansyone yon modèl agresyon ki genyen ladan pouse [REDACTED] kite yon ekimoz nan gwosè yon ti balon tenis sou men l, lanse yon balon foutbòl nan vizaj li, jete ti dejne l ki nan men l, epi "rele non l epi li te di lòt bagay ki mechan" Anplis Madam Gavin ekri nan imèl la ke: "Yo te pataje evènman sa yo avèk papa elèv [REDACTED] enfòmasyon sou dosye elèv la) ki te dakò ke [REDACTED] ap entimide l. Tanpri byen siveye [REDACTED] pou li pa touche l nenpòt lè epi pou li rete lwen li nenpòt lè sa posib." Sa se premye fwa mwen te jwenn yon repons pou yon ensidan ke direktè a rekonèt kòm entimidasyon. Mwen twouve ke imèl nan dat 29 Mas 2016 la ilistre reyaksyon dezòdone Gavin pou agresyon ak vyolans kont elèv nan ka sa a, yo detèmine ke li "entimidasyon" nan imèl li a bay pwofesè yo. Li inyore lwa eta a ak pwotokòl BPS. Li pa enfòmè paran viktim yo, li pa enfòmè Succeed Boston ; li pa kreye yon plan sekirite ki estriktire, epi li pa sanksyone agresè a. Olyede sa li mete an danje sekirite [REDACTED student record information] Viktim yo epi fè yo tonbe anba potansyèl zak reprezay pou plent konsènan entimidasyon, [REDACTED student record information] la. Remèd li a komestik, li evite pwoblèm entimidasyon an nan lekòl la. Li kite sekirite lavi an [REDACTED student record information] nan men pwofesè saldeklas la, san bay sipò anplis oswa yon plan sekirite espesifik. Mepri Direktè Gavin pou pwotokòl oswa politik la te genyen vrè konsekans nan ka sa a. Li te pwoteje agresè a epi li te pèmèt li nwi lòt elèv yo nan lekòl la. Si Direktè Gavin te swiv pwotokòl ak sanksyon ki apwopriye epi si li te angaje resous ki apwopriye pou abòde [REDACTED student record information] entimidasyon [REDACTED student record information] nan lane 2016, li pa rezonab pou espere ke [REDACTED] pa t ap agrese lòt elèv yo, peze kou [REDACTED] nan saldeben an, oswa menase pou pote yon zam nan lekòl la epi touye [REDACTED] epi touye [REDACTED] de lane aprè nan lane 2018, epi apresya menase pou "tire" sou pwofesè a nan lane 2019.

27. Pandan entèvyou li an, Direktè Gavins te deklare ke li pa konnen twa konklizyon Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a nan lane 2020. Li te deklare ke li pa konnen ke nan dat 17 Janvyè 2020 an, DESE te pibliye yon konklizyon ke Mission Hill School pa te reyalize Plan Aranjman Andikap 504 pou elèv [REDACTED]. Li te deklare ke li pa te konnen ke nan dat 4 Fevriye 2020 an, DESE te pibliye yon konklizyon ke Distri a te devlope pwosedi pou jere entimidasyon, ki defini nan "Plan Entèvansyon ak Prevansyon Entimidasyon an, men Mission Hill School pa te swiv plan an. Konklizyon kont Mission School la te baze sou yon rega an aryè apati 12/9/2018 jiska 12/9/2019 pandan moman sa a ke [REDACTED] te pwofesè [REDACTED]. Epitou DESE te dekouvri ke lekòl la te rive fè okenn ankèt sou entimidasyon. Anplis, yo te dekouvri ke direktè a genyen yon responsablite pou sekirite elèv la, pou enfòm moun ki enplike yo, pou fè ankèt, ak pou fè konklizyon epi deklare ak dokimante rapò entimidasyon sa yo. Direktè Gavins te deklare ke li pa te okouran de lèt DESE a nan dat 25 Mas la, konklizyon 2020 la ki di ke lekòl la te vyole 603 CMR 23.05 (1) epi (3), ak 603 CMR 23.07(3) ak (4) pandan l ap bay Direktè Gavins aksè nan dosye imèl lekòl la pandan yon peryòd soti 1 jiyè 2019 - 23 Septanm 2020 lè li pa t ap travay ankò avèk Lekòl Piblik Boston yo.

28. Mwen dekouvri ke pandan ane lekòl 2018-2019 la, [REDACTED] te transfere enkyetid sou sekirite li yo pou [REDACTED] konsènan entimidasyon nan imèl yo bay direktè a epi bay pwofesè yo nan Mission School. Anplis mwen dekouvri ke malgre ke kèk nan imèl sa yo te vrèman ase pou kapab mansyone nan rapò DESE a yon lane anvan nan dat 4 Fevriye 2020 an, pa te genyen ase mezi korektif oswa inisyativ sekirite ki reyalize pa direktè a kòm yon repons ak menm imèl sa yo.

29. Mwen dekouvri ke, malgre enkyetid sou sekirite [REDACTED] ak plizyè demann pou yon plan sekirite pou timoun li a, direktè a pa te rive kòmanse yon plan sekirite global oswa bay yon èd pou pwoteje elèv la yon fason ki apwopriye kont entimidasyon repete ak entimidasyon prèske chak jou pa lòt elèv yo nan lekòl la. Anplis, mwen pa jwenn okenn dosye konsènan sanksyon elèv la kòm repons ak konpòtman agresif ak konpòtman vyolan anvè [REDACTED].

30. Mwen twouve sa enpòtan ke lèt konklizyon DESE a nan dat 4 Fevriye 2020 an fè referans ak plizyè imèl de fanmi [REDACTED] ki genyen dat 10 Avril 2019, 22 Avril 2019, 6 Me 2019, 7 Me 2019, ak 2 Septanm 2019 kote fanmi [REDACTED] te deklare enkyetid yo pou sekirite [REDACTED] yo a konsènan entimidasyon nan lekòl la. Epitou mwen te twouve sa enpòtan nan menm lèt la, DESE te twouve ke Succeed Boston pa te resevwa okenn rapò konsènan ensidan entimidasyon oswa ankèt sou plent entimidasyon nan lekòl la. Epitou DESE te dekouvri ke lekòl la pa te rive ankete oswa fè detèminasyon entimidasyon oswa deklare tout konpòtman agresif, vyolans fizik oswa asèlman vèbal ki "kapab entimidasyon" pou paran yo.

31. Mwen dekouvri ke Madam Gavins te chwazi inyore epi pa konsidere rapò entimidasyon yo de paran [REDACTED] pandan dire plizyè lane nan Mission School. Pwendvi ki pa reglemante li a se te blame vyolans fizik ak kondwit agresif pa elèv yo anvè [REDACTED] sou kapasite [REDACTED] pou li endis sosyal yo". Direktè Gavins ak pwofesè senkyèm ane li a [REDACTED] dezinye andikap la [REDACTED] kòm koz vyolans kont [REDACTED]. Poutan, [REDACTED] epi direktè Gavins te neglije reyalize Plan Adaptasyon Andikap 504 la nan yon moman ki apwopriye oswa kreye yon plan sekirite pou elèv [REDACTED] la. Mwen dekouvri ke pandan moman elèv [REDACTED] la nan Mission Hill School, [REDACTED] te fè sijè modèl repetitif ak modèl grandisan pou vyolans fizik ak vyolans vèbal de kamarad klas yo ak elèv ki pi gran yo nan lekòl la. Mwen dekouvri ke 52 ensidan kondwit vèbal oswa kondwit agresif fizik ki te reponn ak definisyon entimidasyon anvè [REDACTED] pa elèv yo ak gwoup elèv yo pandan [REDACTED] kat lane edemi nan Mission Hill School. Mwen dekouvri ke entimidasyon konstan ki lakoz pa domaj fizik ak domaj emosyonèl sou [REDACTED] epi te rann paran [REDACTED] yo genyen laperèz pou sekirite [REDACTED]. Mwen dekouvri ke li te rezonab pou paran yo eksprime enkyetid epi mande yon plan sekirite, espesyalman aprè [REDACTED student record information] la ki te mennen yon plan aranjman pou andikap, plan sa a, mwen dekouvri yo te reyalize l yon fason an reta epi li pa te reponn ak nòm D.E.S.E yo yon fwa li te reyalize pa Direktè Gavins.

32. Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon an (29 U.S.C. 794) se yon lwa federal ki entèdi diskriminasyon sou baz tout andikap ki se yon andikap fizik oswa mantal ki vrèman limite "aktivite lavi" yo ki genyen ladan "aprantisaj" nan ka elèv yo. Sa pèmèt yon elèv ansèyman regilye pou benefisye de aksè egal nan asèyman ak nan lòt sèvis lekòl yo pa yon plan aranjman espesyal ki esansyèlman bay yon elèv plis tès, poz souvan, ak lòt aranjman akademik pou ede elèv la kontinye pwogrese nan yon saldeklas edikasyon regilye.

33. Aprè [REDACTED] yo a te soufri dde yon [REDACTED student record information] ak T.B.I. nan lekòl la nan dat 5 Avril 2016 la, Mesye ak Madam. [REDACTED] te rankontre avèk Direktè Gavins nan dat 7 Avril la. Yo te diskite sou rekòmandasyon Children's Hospital pou [REDACTED student record information]. Direktè Gavins yo te pwomèt yon èd 1:1 pou travay avèk [REDACTED] epi direktè a pa te respekte pwomès sa a. Nan dat 18 Avril 2016 la, [REDACTED] te evalye pa yon Newo Ospitalye Pedyatrik nan Children's Hospital ki te voye yon lèt bay lekòl [REDACTED]. Mwen dekouvri ke Direktè Gavins te genyen yon responsablite pou òganize yon rankont elijiblite Seksyon 504 avèk paran ak manm pèsonèl la. Olyede sa, li pa te pran okenn mezi pou kòmanse pwosesis 504 la malgre li te konnen enkyetid paran yo sou sekirite ak rekòmandasyon Children's Hospital yo.

34. Nan dat 17 Novanm 2018 la, yon plan 504 te devlope pou [REDACTED] ki te bay 15 aranjman ki genyen ladan : poz souvan ki sipèvize ; repete, oswa klarifye machaswiv administratif jeneral yo ; li machaswiv tès yo awotvwa ; tès an ti gwoup ; syèj nan zòn espesyal

pou tès yo ; materyèl pou redwi bwi oswa pou kas pou anile bwi ; administratè tès familye ; tèks an diskou pou tès matematik sou òdinatè ; swiv atik tès yo, itilizasyon yon òganizatè grafik ki apwouve alavans pa Depatman an, lis verifikasyon, oswa fèy referans siplemantè ; kontwole plasman repons yo ; tan pwolonje pou fè tach la ; plizyè sesyon pou fè tès oswa aktivite yo ; epi divize gwo travay yo an ti tach ki pi piti.

35. Mwen dekouvri ke Direktè Ayla Gavins ak pwofesè klas 5 yèm ane a [REDACTED] te echwe nan bay poz souvan ki sipèvize ki te oblije pa plan 504 la. Olyede sa [REDACTED] te fè aranjman pou [REDACTED] kapab akonpanye pa yon kamarad klas olyede yon parapwofesyonèl oswa yon èd. Mwen dekouvri ke [REDACTED] t ap souvan voye [REDACTED] deyò klas la san akonpayman oswa fè [REDACTED] chita poukont li deyò saldeklas la. Mwen dekouvri ke [REDACTED] te echwe nan bay kas pou anile bwi yo malgre woutin toulejou li a pou jwe mizik byen fò nan saldeklas li a anvan klas la kòmanse. Paran [REDACTED] te bay kas aprè yo pa te satisfè deman li yo. Mwen dekouvri ke [REDACTED] te echwe nan swiv atik tès yo oswa kontwole plasman repons elèv la. Anplis mwen dekouvri ke [REDACTED] te echwe nan bay yon òganizatè grafik ki apwouve alavans, yon lis verifikasyon, oswa tan pwolonje pou fè tès yo oswa aktivite lekòl ki te obligatwa nan plan an.

36. Nan dat 14 Oktòb 2018 la, [REDACTED] te rankontre avèk Direktè Gavins ak Sipè Entandan Operasyonèl la Al Taylor konsènan enkyetid paran yo sou pwoblèm sekirite yo nan lekòl la. Pandan rankont lan [REDACTED] te eksprime enkyetid li ke Direktè Gavins t ap menase pou itilize sistèm disiplinè elèv la nan yon fason pou zak reprezay kont [REDACTED] ak fanmi [REDACTED] a. [REDACTED] te deklare ke nan Oktòb, li te dekouvri ke 4 akizasyon vyolasyon disiplin nan seksyon 7 la nan Kòd Kondwit la te antre pa Direktè Gavins nan dosye elèv [REDACTED] SIS/Aspen nan. Lè li te mande enfòmasyon konsènan antre enfòmasyon yo, Direktè Gavins te menase pou fè yon odyans disiplinè kont [REDACTED] epi li te avèti ke : "Lè ou antre nan biwo Sipè Entandan an, se sa ki rive."

37. Nan rankont 14 Novanm nan, Mesye Taylor te avèti Direktè Gavins ke li pa te ka fè odyans disiplinè li te menase pou fè a oswa pou fè antre disiplin nan Aspen jiskaske yon ankèt ak konklizyon fè yo epi rapò a fèt. Epitou li te avèti ke li te oblije enfòmè paran yo konsènan tout antre ki te fèt nan dosye elèv la. Malgre mizangad Mesye Taylor yo konsènan antre dosye elèv la, Direktè Gavins te antre 14 lòt sanksyon anplis nan Dosye Elèv [REDACTED] SIS/Aspen nan yon peryòd 3 jou ozanviwon 22 Mas 2019 la. Okenn nan antre sa yo pa te fèt pa yon ankèt, konklizyon, rapò oswa notifikasyon bay [REDACTED]. Mwen dekouvri ke Madam Gavins te retounen 12 nan antre ensidan yo kote 4 nan yo te retounen 6 mwa anvan ; 3 nan yo te retounen 5 mwa anvan ; 1 nan yo te retounen 4 mwa anvan ; 1 nan yo te retounen 2 mwa anvan ; epi 3 nan yo te retounen 1 mwa anvan. Mwen dekouvri ke antre sa yo pa presi epi delibereman fo ak yon tantativ pou falsifye dosye elèv la. [REDACTED] te aprann ke fo antre ak antre ki pa presi yo nan dosye elèv [REDACTED] la nan yon rankont avèk manm pèsònèl [REDACTED] nan lane

2019 anvan transfè elèv yo nan Mission Hill School. Li te jwenn dosye yo selon yon demann fòmèl pou dosye bay Lekòl Piblik Boston yo. Pwofesè Adjwen ki se Leader Williams te retire fo antrè sa yo nan dosye lekòl elèv la sou demann [REDACTED]. Mwen dekouvri ke antrè disiplinè Direktè Gain yo te yon repons volontè epi san jistifikasyon, ki sanble ak kondwit zak reprezay, kont [REDACTED] ak [REDACTED] pou paske "li te depase limit yo" epi pou deklarasyon paran yo konsènan enkyetid nan sekirite ak enkyetid entimidasyon bay Sipè Entandan Operasyonèl la Al Taylor ak lòt administratè BPS yo apa de Mission Hill School. Mwen dekouvri ke dosye korespondans imèl yo ant Pwofesè Adjwen Leader Williams ak [REDACTED] konfime ke nan dat 9 Desanm 2019 la 18 ensidan disiplin ki pa presi epi ki pa konplè ki te antrè yon fason ki pa apwopriye pa Direktè Gavins san voye avi bay elèv la oswa paran [REDACTED] yo, te siprime nan dosye elèv Aspen/SIS [REDACTED] la.

B. KONKLIZYON AK REKÒMANDASYON

1. Sa se yon ankèt kontini, preliminè epi konfidansyèl. Sepandan, nan etap demann enfòmasyon mwen an, mwen te detèmine, selon konklizyon mwen yo, genyen ase evidans pou konkli ke pandan Madam Ayla Gavins te Direktè Mission Hill K-8 Pilot School la, li pa te alawotè de responsablite ki preskri yo ak lidèchip ki nesèsè pou yon direktè lekòl. Li pa te reyisi pwoteje elèv [REDACTED] ak lòt elèv yo, kèk nan yo tankou elèv [REDACTED], te ale epi te kite lekòl la ak distri a, kont entimidasyon anvayisan, rekiran, ak entimidasyon domaj sou plan emosyonèl ak fizik kòm vyolasyon M.G.L. c. 71 ak Sikilè Sipè Entandan SSS-18 la. Mwen konkli ke elèv [REDACTED] te vitik yon modèl eskalad agresyon vèbal ak vyolans fizik ak sèlman, ki te mete an danje sekirite [REDACTED] epi te pètibe lavi chak jou [REDACTED], ki fèt pa elèv endividyèl yo ak gwoup elèv yo nan Mission Hill School nan chak [REDACTED] nan lekòl la apati 2014-2019. Anplis mwen konkli ke lefètke Direktè Gavin pa rive reponn ak rapò entimidasyon paran [REDACTED] ak lòt paran yo, paske li pa rive entèvni, epi paske li pa rive respekte lwa eta ak pwotokòl BPS la sa fòme yon kondwit ki pa respekte wòl yon direktè nan BPS.

2. Mwen konkli ke Direktè Gavins ak manm pèsònèl ka nan lekòl la pa te rive reyalize yon fason ki apwopriye ywit nan kenz aranjman ki obligatwa nan Seksyon Plan Aranjman Andikap 504 pou elèv [REDACTED] ki te FÈT nan Novanm [REDACTED] 2018 LA. Omisyon pwofesè klas senkyèm lane [REDACTED] te genyen ladan lefètke yo pa rive bay poz souvan ki sipèvize, pou fè lekti awotvwa, pou repete, oswa pou klarifye machaswiv administrativ jeneral yo, pou bay kas pou anile bwi, pou swiv atik tès yo oswa pou kontwole plasman repons yo, pou bay yon òganizatè grafik ak yon lis verifikasyon, ak pou bay tan anplis pou fè tach yo, pou bay plizyè sesyon pou fè tès ak aktivite yo oswa pou divize gwo travay yo an ti tach ki pi piti.

3. Epitou mwen konkli ke Direktè Gavins te neglijan paske li pa rive aji nan yon fason ki responsab epi apwopriye pou kòmanse plan 504 la nan Avril 2016 lè li te resevwa rekòmandasyon pou [REDACTED student record information] la de medsen pedyat k ap asiste yo nan Children's Hospital. Olye li byen vit kòmanse pwosesis la nan lane 2016, jan paran yo te mande sa, direktè a te retade pwosesis lan pandan plis pase 2 1/2 lane aprè rekòmandasyon medikal yo. Anplis mwen konkli ke neglijan direktè a paske li mal jere Seksyon nan plan 504 la te anpeche elèv [REDACTED] garanti dwa edikatif ak opòtinite sepandan sa konstitiye kondwit ki rann li inelijib pou kapab yon direktè nan BPS.

4. Mwen konkli ke Direktè Gavins te volontèman antre 18 konklizyon disiplinè ki fo epi ki pa presi nan dosye pou enfòmasyon elèv [REDACTED] la san voye yon avi bay paran yo oswa san fè yon ankèt. Anplis, mwen konkli ke 18 antre, 12 nan yo te retounen dèyè, kote yon repons ki pa jistifye ak yon repons volontè pa Direktè Gavins pou defans legal fanmi [REDACTED] la ak enkyetid yo, ke yo te transfere bay administratè Lekòl Piblik Boston yo, konsènan Madam echèk Madam Gavins pou ankete oswa pou dokimante sou rapò entimidasyon yo ak echèk yo pou reyini oswa pou redwi modèl entimidasyon an oswa pou kreye yon plan sekirite. Mwen konkli ke repons ki pa jistifye li a bay paran yo pou "enplike Biwo Sipè Entandan an" pa fo antre fo done ak done ki pa presi yo yon fason volontè epi pandan l ap antre san ankèt ak avi bay paran yo epi pandan l ap retounen done yo dèye nan dosye elèv S.I.S./Aspen te yon konpòtman reprezay ak kondwit ki pa diy pou yon direktè.

5. Neglijan, omisyon ak mank aksyon Direktè Gavins ak manm pèsònèl la nan lekòl la pandan peryòd soti 2014 jiska 2019 la pa akseptab epi pa pwofesyonèl. Echèk direktè a pou pa pwoteje elèv [REDACTED] yon fason ki apwopriye ak lòt elèv yo nan Mission Hill School kont entimidasyon se yon konpòtman ineksplikab pou yon direktè lekòl. Li te endiferan konsènan 52 ensidan entimidasyon vyolans repetitif yo anvè elèv [REDACTED], ki te deklare pa paran [REDACTED] yo pandan kat lane edmi [REDACTED] nan Mission Hill School.

6. Mwen espesifikman konkli ke Direktè Gavins te endiferan kont entimidasyon pa elèv [REDACTED] ak lòt elèv yo pandan premye lane elèv [REDACTED] nan lekòl la ; li te endiferan ak entimidasyon fizik ak domaj yo pa elèv [REDACTED] anvè elèv [REDACTED] pandan klas 2 yèm lane a ; li te endiferan ak kontinite entimidasyon pa elèv [REDACTED] ak lòt elèv yo anvè elèv [REDACTED] nan klas 3 yèm lane a ; li te endiferan kont entimidasyon pa elèv [REDACTED] ak gwoup elèv yo anvè [REDACTED] nan klas 4 yèm lane a ; li te endiferan kont entimidasyon ak menas anvè elèv [REDACTED] de elèv [REDACTED] ak gwoup elèv yo nan klas 5 yèm lane a ; epi li te endiferan kont entimidasyon elèv yo [REDACTED] ak yon gwoup kat elèv anvè elèv [REDACTED] nan klas 6 yèm ane a pandan yon mwa jiskaske elèv [REDACTED] te transfere nan [REDACTED].

7. Lè li chwazi inyore pwotokòl entimidasyon an jan sa mansyone nan M.G, L c. 71 la ak nan Sikilè Sipè Entandan SSS-18 an epi pandan l ap neglije konsilte Succet Boston oswa pou fè fas

yon fason ki efikas ak kondwit agresif elèv yo idantifye a pandan l ap sanksyone elèv yo, direktè a te efektivman pèmèt sèten konpòtman entimidasyon endividyèl ki idantifye ak konpòtman entimidasyon an gwoup ak konpòtan vyolans pou kontinye san kanpe. Mwen konkli ke mank aksyon direktè a ak endiferans rapò paran yo konsènan entimidasyon ak demann pou plan sekirite yo konstitiye kondwi ki endiy pou yon direktè. Sa te pètibe [REDACTED] ak lòt opòtinite elèv yo pou yon anviwònman edikatif sekirize debaz ak espas aprantisaj ak yon opòtinite pou grandi nan yon anviwònman ki sekirize epi ki san danje.

8. Li rezonab pou konkli epi mwen vrèman konkli ke endiferans direktè a konsènan rapò entimidasyon ak echèk li pou fè fas ak modèl evidan entimidasyon yo apati 2014-2019 te fè pati yon politik volontè konsènan refi ki te pèmèt kèk konpòtman agresif elèv la rive ankò epi pou konpòtman entimidasyon yo kontinye. Kilti lib lekòl la ki evite sanksyone elèv yo oswa fè fas ak entimidasyon yo, te kontribye nan kreye yon anviwònman ostil pou [REDACTED] ak pou lòt elèv ki te rete [REDACTED] vilnerab epi san pwoteksyon apati premye ane jiska sizyèm ane a. Konklizyon sa a baze an pati sou revizyon mwen an konsènan dokiman ki mansyone yo ki genyen ladan konklizyon Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè konsènan non konfòmite avèk M.G.L. c 71 sec 37O (e) (1, 2, and 3). Epitou li baze an pati sou entèvyou mwen yo avèk Madam Gavins, manm pèsònèl ki prezan, ansyen manm pèsònèl yo, [REDACTED] ak entèvyou mwen yo avèk lòt paran yo, kèk nan yo te retire timoun yo nan Mission Hill akoz echèk Madam Gavins pou pwoteje timoun yo kont entimidasyon nan lekòl la.

9. Selon konklizyon preliminè mwen yo, mwen konkli ke Direktè Ayla Gavins ak manm pèsònèl la nan lekòl la pa te rive swiv egzijans pwotokòl entimidasyon yo jan sa defini nan seksyon 37 O nan Chapit 71 nan Lwa Jeneral Massachusetts yo ak Sikilè Sipè Entandan SSS-18 la ki rele "Plan Entèvansyon ak Prevansyon kont Entimidasyon an". Anplis mwen dekouvri ke dosye Succeed Boston yo reflète yon absans konsènan evidans oswa dokimantasyon Direktè Gavins ki te ranplis rapò ensidan yo oswa ki te dokimante tout ankèt kont entimidasyon yo byenke Madam Gavins te Direktè Mission Hill School malgre rapò ki kredib epi ki fyab konsènan entimidasyon nan lekòl la de paran ak demann yo pou plan sekirite pou timoun yo a.

10. Anplis mwen konkli ke Direktè Gavins, avèk prèv mank aksyon li, pa te rekonèt ke yon plan andikap Seksyon 504, selon nati li, se yon bagay ki fèt epi depase pratik ansèyman estanda yo. Li dwe reyalize jan li fèt la pou "diferansye ansèyman" pou elèv la selon rekòmandasyon ki idantifye nan plan an. Regleman federal 34 C.F.R. 104 33(A) mande pou :

”Yon benefisyè k ap fè fonksyone yon pwogram piblik pou edikasyon elemantè oswa segondè oswa aktivite pral bay yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye ak chak moun ki genyen yon andikap ki nan jiridiksyon benefisyè a, san konsidere nati oswa gravite andikap moun nan.”

Mwen konkli ke direktè a ak manm pèsònèl Mission Hill School la, lefètkte yo pa reyalize 15 aranjman yo selon plan Seksyon 504 la, yo vin neglijan epi yo te vyole obligasyon sa a, ki soti nan konkliyon Depatman Elemantè ak Segondè a konsènan non konfòmite a.

11. Mwen jwenn ase evidans pou konkli ke ansyen Direktè Gavins te vyole M.G.L. c. 71 sec. 37 O ak SIKilè SSS-18 Sipè Entandan an pandan l ap refize idantifye oswa ankete sou rapò ki soti de paran ki genyen enkyetid yo pandan plizyè ane, konsènan kondwit elèv ki agresif oswa kondwit entimidasyon ki "kapab entimidan". Mwen dekouvri ke lefètkte li pa rive respekte lwa eta a ak politik BPS la se yon koz jis pou jistifye sanksyon. Epitou mwen jwenn ase evidans pou konkli ke echèk ansyen Direktè a pou reyalize Plan Aranjman Andikap Seksyon 504 la yon fason ki apwopriye se yon koz jis pou jistifye sanksyon. Mwen jwenn ase evidans pou konkli ke fo antre ak antre ki pa presi ki Direktè Gavins te fè, ki te efase apres, nan dosye lekòl [REDACTED] yo, se te yon repons volontè epi ki pa jistifye pou enkyetid lejitim akademik paran yo ak enkyetid nan sekirite pandan plizyè lane nan lekòl la se yon kondwit reprezay epi se yon koz jis pou jistifye sanksyon.

12. Konsa, lè mwen fin jwenn koz ki jis pou sanksyon, mwen konkli ke [REDACTED personnel information].

13. Mwen remake ke Succeed Boston te òganize yon fòmasyon "Prevansyon ak Entèkansyon Entimidasyon" nan Mission Hill K-8 Pilot School nan dat 7 Avril 2021 an. Mwen rekòmande pou manm pèsònèl lekòl la ak lidè yo resevwa fòmasyon rekou kontini nan men manm pèsònèl la nan Succeed Boston konsènan idantifikasyon, ankèt, ak deklarasyon konpòtman agresif ki "kapab entimidan" epi konsènan kreyasyon plan sekirite pou prevni entimidasyon nan lekòl la rive ankò. Epitou mwen rekòmande pou Lidè Pwofesè Adjwen yo revize fòmilè Ensidan Elèv M.H.S pandan y ap enkli yon bwat pou tcheke devan fòmilè a ki idantifye kondwit elèv la ki "**kapab entimidan**". Anplis, mwen rekòmande pou manm pèsònèl la resevwa fòmasyon kontini nan reyalizasyon, objektif, ak bi Seksyon 504 nan Plan Aranjman pou Andikap yo ak Plan Edikasyon Endividyèl yo, akonplisman ki t ap kontwole yon fason ki apwopriye.

Sensèman,

Joseph E. Coffey
Responsab Ankèt

BstPubSch215